

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Dina kahirupan mangsa kiwari tangtu aya bédana jeung kahirupan mangsa bihari. Masarakat bihari mah miboga cecepeangan hirup dumasar kana kapercayaanana séwang-séwangan nu diwariskeun sacara turun-tinurun. Sedengkeun masarakat kiwari mah geus ngésér cecepeangan hirupna téh lantaran ku kamajuan jaman geus teu nyoko deui kana titinggal karuhun baheula.

Indonesia téh minangka hiji nagara anu beunghar ku rupaning sélér bangsa. Salah sahijina sélér Sunda, sélér anu nyicingan wilayah anu ayeuna disebutna Jawa Barat, minangka sélér kadua panggedéna sanggeus sélér Jawa. Sunda salaku étnis kacida beungharna ku rupa-rupa budaya, kaasup adat istiadat jeung tradisi nu jadi cicirén bangsa.

Nurutkeun Koentjaraningrat (1983, kc. 5) kabudayaan miboga tilu aspék atawa wujud, nya éta wujud idee, wujud kalakuan (aktivitas) manusa, jeung wujud fisik (hasil kalakuan manusa). Saterusna Koentjaraningrat nétélakeun yén tata kalakuan manusa mangrupa hiji jaringan nu disebut adat istiadat. Adat istiadat hiji kabudayaan téh umumna béda jeung masarakat séjénna, sabab miboga sipat nu dinamis, tur nyaluyukeun kana kamekaran jaman.

Adat istiadat masarakat Sunda nurutkeun Hadish, Spk. (1986, kc. 2) kawéntar ku jembarna, saperti hajat bumi, hajat laut, upacara melak paré, upacara nyukuran buuk orok, disunatan, nyalametkeun nu maot, upacara nikah, jsb, minangka warisan adat istiadat jeung budaya heubeul nu masih dilaksanakeun di sababaraha daérah di Jawa Barat. Adat istiadat anu kapanggih, jeung anu masih kénéh dilaksanakeun nepi ka kiwari nyaéta upacara nikah. Dina upacara nikah téh leubeut pisan ku tradisi anu tujuanana pikeun ngasah kasurti pikeun nu rék ngalaksanakeunana, kaasup masarakat umum. Tradisi nu leubeut ku simbol nu perlu dipisurti téh nyampakna dina sawér pangantén.

Sawér (nyawér) nurutkeun Hadish, Spk (1986, kc. 2) nya éta salah sahiji bagian tina adat jeung budaya urang Sunda jaman baheula anu diwariskeun sacara turun-tumurun, miboga patali nu kuat jeung tata kahirupan masarakat Sunda di Jawa Barat. Dumasar kana panalungtikan nu dilakukeun ku Yus Rusyana (dina Ruhaliah, 2012, kc. 35 ) dicindekkeun yén sawér téh gelarna saméméh agama Islam asup ka tatar Sunda.

Masduki (2010, kc. 389) nétélakeun istilah nyawér asalna tina kecap ‘awér’ hartina cai nu murag atawa nyéprét. Luyu jeung prakna, juru sawér ngawurkeun kalengkepan nyawér ka pangantén jeung sakabéh nu ngilu nyaksian. Gedé kamungkinan yén éta kagiatan téh dilaksanakeun di panyawéran atawa taweuran, nu hartina lolongkrang di luar imah antara bilik luar jeung curugan (Danadibrata, 2006. Kc 616).

Sawér dilaksanakeun di panyawéran sabab miboga harti nu tangtu. Panyawéran nuduhkeun tempat cai ragrag anu uwar-awér atawa sok disebut cucurugan. Dina cucurugan éta biasana cai nyéprét, nu ngalantarankeun cérétna cai téh ibaratna sarua jeung ngawurkeunna béas, konéng, rampé atawa kekembangan, duit kencing jsb. Ma’na tina ngawurkeun béas téh nyaéta pikeun kamakmuran dina kahirupan, sabab béas jadi bahan nu utama pikeun kadaharan masarakat Sunda, sedengkeun konéng minangka emas nu jadi lambang kamulyaan keur kahirupan pangantén, rampé atawa kekembangan ngalambangkeun kaseungitan keur nu di sawér pikeun kahirupanna.

Sawér dipikawanoh ku masarakat, umumna dipatalikeun jeung acara nu nikah. Tapi sagigireun éta aya ogé sawér tingkeban, sawér pikeun orok, sawér pikeun budak nu disunatan, ganti ngaran, pelantikan, jeung baheula mah sawér pikeun mayit. Tapi kiwari geus robah jeung laleungitan, nu dipikawanoh lolobana ukur sawér pangantén. Sawér pangantén geus jadi tradisi nu dipaké ti jaman baheula nepi ka ayeuna.

Nurutkeun Kusmayadi (2018, kc. 144) tradisi sawér pangantén dilakukeun sanggeus akad, nu saterusna juru sawér ngahaleuangkeun rumpaka sawér, dibarengan ku ngawurkeunna béas, konéng, jeung duit récéh, nu diawurkeun ka panongton nu aya di tukangeun nu nyekel payung. Sanggeus nyawér diteruskeun kana tradisi bantayan (nincak endog, muka panto, jeung pabenyéng-benyéng bakakak hayam).

Sawér kaasup kana puisi heubeul, bisa ditalaah ku cara talaah struktur. Struktur sawér dumasar Hadish Spk (1986, kc. 8) ngawengku wangun, wanda, eusi jeung basa. Nurutkeun Hawkes (dina Cahyadi, 2014, kc. 4) pandangan strukturalisme dina karya sastra jadi hasil tina pamikiran pangarang. Tujuan tina analisis stuktur nurutkeun Teueuw (dina Saputra 2018, kc. 44) nyaéta pikeun maluruh jeung ngabongkar sacara taliti, ogé neuleuman ngeunaan unsur-unsur nu aya dina éta karya sastra.

Nurutkeun Aristoteles (dina Mustappa, 2014, kc. 32) geus aya anggapan yén fungsi puisi nyaéta pikeun nepikeun ajaran-ajaran moral, nu hartina puisi kudu leubeut ku papatah jeung ageman hirup. Satuluyna fungsina pikeun kasenangan, tapi lain kasenangan dapon waé, ieu mah kasenangan éstétis. Loba ajén-ajén nu nyampak dina ungkara puisi nu tujuanna pikeun milampah kahadéan. Ajén bisa dihartikeun minangka ukuran luhur handapna atawa kadar nu bisa di talungtik atawa dilenyepan dina sagala obyék anu sipatna fisik (kongkrit) atawa abstrak. Ajén mangrupa hal anu dipiboga atawa dilakukeun boh ku jalma atawa barang, anu jadi acuan hadé goréngna. Hiji hal dianggap miboga ajén saupama bisa mangpaat jeung miboga kualitas (hadé, bener, éndah, jsb).

Nilik kana kaéndahan, aya patalina jeung ajén éstétika. Ku kituna, dina sawér pangantén nyampak ajén éstétika nu bisa kapaluruh. Nurutkeun Ratna (2011, kc. 142) karya sastra bisa ditilik kaéndahanna dumasar kana basa jeung eusi. Basa minangka alat pikeun ngahontal ajén-ajén éstétika sabab miboga kamandang nu jadi hal utama dina karya sastra, sedengkeun dina eusi miboga sababaraha harti atawa ma'na. Nilik kana éta kamandang, basa mangrupa hal utama anu aya dina karya sastra, nembrakkeun kaéndahan ngaliwatan gaya basa jeung purwakanti. Sedengkeun kaéndahan dina eusi bisa ditilik tina unsur pangwangun karya sastra (puisi) téma, nada, rasa, amanat. Kaéndahan dina karya sastra henteu ngan saukur kaéndahan hungkul, tapi miboga ma'na.

Nya munasabah lamun dina kagiatan boh waktu ngahaleuangkeun rumpaka sawér, nu dibarengan ku ngawurkeunna béas, konéng, jeung duit récéh, nu diawurkeun ka panongton, boh sanggeus nyawér sok diteruskeun kana tradisi bantayan (nincak endog, muka panto, jeung pabenyéng-benyéng bakakak hayam) tangtu ngabogaan

ma'na nu tangtu tur leubeut ku ajén-inajén anu luhung. Dina eusi rumpaka kaasup barang atawa alat téh ngabogaan harti nu jero lamun bisa ngobétna minangka pepeling jeung cecekelan keur nu rek ngambah sagara rumah tangga.

Bukti kabudayaan jeung kabeungharan sastra Sunda nu nepi kiwari kapaluruh di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung aya kénéh sawér pangantén, masih kénéh sok dilaksanakeun di sababaraha tempat. Sawér pangantén nu kapaluruh rupa-rupa, ditilik tina wangun rumpakana ti sababaraha juru sawér. Masarakat jaman kiwari loba nu can apal yén aya budaya di daérahna bisa dimekarkeun deui nepi ka bisa jadi cicirén jeung kabeungharan nu jadi titinggal kolot baheula. Lian ti éta, masarakat nganggap yén sawér téh leuwih kana tradisi nu dianggap hiburan hungkul, lantaran nilik kana prak-prakanna katitén ramé ku ayana sababaraha bahan sawér nu diawurkeun, utamana hadiahna. Nilik kana éta hal, sabenerna dina sawér nyampak ajén-inajén anu bisa dijadikeun cecekelan hirup manusa, salah sahijina sawér pangantén nu kapanggih di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung.

Pikeun kaperluan panalungtikan, diwatesanan kana rumpaka sawérna wungkul, moal medar perkara kalengkepan nyawér kayaning béas, peremén, siksik konéng, duit kencring, jrrd.

Panalungtik kairut ku ayana kénéh sawér pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung, sabab ayana kaayaan jeung kabudayaan di éta tempat tangtu miboga hiji nu ngabédakeun ti nu séjén, tur ngahudang kapanasaran panalungtik. Lian ti jadi kabudayaan masarakat Sunda, sawér mangrupa bagian tina sastra Sunda nu penting ditalungtik, salah sahijina pikeun sarana atikan jeung perlu dilakukeun sabab aya mangpaat tur relevansina dina mekarkeun basa jeung sastra nasional Indonésia.

Nepi kiwari aya panalungtikan nu sarupa jeung ieu panalungtikan, anu kacatet nya éta *“Puisi Sawér di Kecamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII”* dina ieu panalungtikan ngagunakeun tilikan struktural jeung atikan karakter, *“Puisi Sawér Pangantén di Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP”* dina ieu panalungtikan leuwih di pedar kana struktur jeung larapna kana bahan pangajaran, *“Ajén Éstétika dina Rumpaka Kawih Album Kolot*

*Kalapa Karya Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas X” dina ieu panalungtikan di pedar ngeunaan struktur jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih.*

Éta panalungtikan sarupa jeung ieu panalungtikan, nu ngabédakeunna dina ieu panalungtikan ngaguar struktur jeung ajén éstétika dina rumpaka sawér pangantén pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII. Nu matak di béré judul “*Ajén Éstétika dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulikan Struktural)*”.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Sawér jadi bukti tina kabeungharan sastra jeung budaya Sunda, mangrupa titinggal kolot baheula, nu eusi na mangrupa papatah pikeun kahirupan kahareupna.

- 1) Sawér mangrupa salah sahiji adat masarakat Sunda ti jaman baheula, namung di jaman ayeuna loba masarakat nu teu wanoh kana sawér
- 2) Larapna kana bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung?
- 2) Kumaha konteks penuturan jeung fungsi dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung?
- 3) Ajén éstétika naon anu nyampak dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung husus nu baris di dadarkeun di handap.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar ajén éstétika dina rumpaka sawér pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung sarta ngarojong kamekaran élmu pangaweruh hususna dina widang sastra.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Medar struktur sawér pangantén
- 2) Maluruh ngeunaan ajén éstétika anu aya dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung
- 3) Medar kontéks penuturan jeung fungsi dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung
- 4) Larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nyaéta mangpaat tina segi téoritis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat tina segi praktis, jeung mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

#### **1.4.1 Mangpaat tina segi Téoritis**

Mangpaat Teoritis dina ieu panalungtikan nyaéta kamekaran dina widang sastra anu ulikanna ajén éstétika pikeun dilarapkeun kana bahan pangajaran.

#### **1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan**

Mangpaat tina segi kawijakan dina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep kapanggihna ieu budaya di Kecamatan Soréang téh kudu bisa jadi tinimbangan pikeun masarakat boh aparat, sangkan leuwih bisa ngajaga, sarta ngamumulé budaya nu aya di sabudeureunana.

### 1.4.3 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun panalungtik, nambahan pangaweruh dina widang sastra utamana dina sawér pangantén, sarta bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan nu patali jeung struktur jeung ajén éstétika anu aya dina karya sastra pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII, sangkan ka hareupna bisa ditalungtik kalawan leuwih jero.
- b. Pikeun masarakat, nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna dina sawér pangantén nu aya di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung, sangkan mikanyaho kabeungharan di jerona.
- c. Pikeun mahasiswa/pelajar, sangkan bisa jadi élmu pangaweruh sarta jadi bahan rujukan pikeun panalungtikan.

### 1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial dina ieu panalungtikan nyaéta bisa dijadikeun sumber pangaweruh pikeun masarakat, salah sahijina nyaéta sawér pangantén nu aya di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung, kudu bisa ngajaga jeung ngawariskeun ieu budaya sacara turun tumurun sangkan teu leungit dina kahirupan kahareupna.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab sakumaha nu dipedar di handap.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalung tikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori nu ngawengku sawér, strukturalisme, ajén éstétika, jeung pangajaran sastra.

Bab III eusina ngeunaan métodé panalungtikan, medar sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta tiori nu aya di bab II.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.



